



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWAZYÈM TOU GAYAN KONKOU FOUTBÒL
#VAXANDWIN FOOTBALL LA NAN PATENARYA AVÈK EKIP FOUTBÒL
PWOFESYONÈL NEW YORK YO**

*Pri a genyen ladan I, tikè pou match, eksperyans nan match eksepsyonèl, ak plis
toujou nan Buffalo Bills, New York Giants ak New
York Jets*

*Videyo yo sou ankourajman vaksen an ki gen ladan Bruce Smith nan Buffalo
Bills disponib [isit la](#) ak Carl Banks nan New York Giants disponib [isit la](#)*

*Tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen Covid-19 yo nan 9 septanm jiska
24 oktòb, kalifye; Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 ane
yo*

*De lòt tiraj ap fèt nan tiraj yo pwograme ki disponib [isit la](#); Nouyòkè ki kalifye yo
ka antre nan konkou a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan twazyèm tou [Konkou Foutbòl
#VaxandWin Eta New York la](#) - yon nouvo pwogram motivasyon pou ankouraje
Nouyòkè ki poko vaksinen yo pou vaksinen nan patenarya ak ekip foutbòl Ameriken
pwofesyonèl New York yo. [Prim](#) pou [moun ki genyen yo](#) enkli biyè pou match,
eksperyans espesyal nan match yo, vizit estad, ekipman ekip ki siyen, apèl FaceTime
ak ansyen jwè yo, ak plis ankò nan Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets.
Eta New York ap administre tiraj osò a epi y ap seleksyone nouvo gayan yo chak
semèn sou senk semèn an total. Gen de tiraj ki rete apre semèn sa. Tout Nouyòkè ki
te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo 9 septanm jiska 24 oktòb 2021 yo,
kalifye. Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 ane yo [isit la](#).

Nan kad efò sa yo, Eta a deja lanse yon kanpay maketing entegre ak chak ekip, ki gen
ladan nouvo videyo ankourajman vaksen avèk ansyen jwè ki yo chak te resevwa
vaksen COVID-19 la yo menm. De premye videyo yo—ki gen ladan Bruce Smith, Fen
Defansif Hall of Fame nan Buffalo Bills ak Carl Banks, de fwa chanpyon Superbowl
nan New York Giants—disponib pou tout Nouyòkè yo gade [isit la](#) ak [isit la](#), tou.

"Konkou foutbòl Ameriken #Vaxandin nou an selebre Nouyòkè yo ki te mobilize pou
pran vaksen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan patenarya avèk tout ekip foutbòl
Ameriken pwofesyonèl yo, nouvo videyo ankourajman nou yo sou vaksen an pral

atenn Nouyòkè ki gen tout laj nan nouvo fason - itilize mesaje Nouyòkè yo admire ak konfyè. Mwen felisite gayan yo nan twazyèm tou nou an, epi mwen remèsye ekip foutbòl Ameriken New York yo dèske yo prete platfòm ak vwa yo pou efò enpòtan sa a epi dèske yo rejwenn Eta a, sa ap ankouraje Nouyòkè ki elijib yo pran vaksen an."

Gayan twazyèm tou yo se:

Prim Buffalo Bills:

Alexander Gentile, Konte Niagara
Darius Walker, Konte Monroe
Shawn Pope, Konte Wyoming
Jorge Quiros, Konte Erie
Thomas Lucas, Konte Ontario
Joseph Groom, Konte Erie
Nichole Cammarata, Konte Erie

Prim New York Giants:

Christine Jimenez, Konte Queens

Prim New York Jets:

Amanda Porter, Konte Greene
Remilekin Olanipekun, Konte Kings
Nastasia Thomas, Konte Bronx
James Zarcone, Konte Suffolk
Makayla Slane, Konte Rensselaer

Depatman Sante Eta New York la te verifye estati vaksinasyon gayan yo.

Nouyòkè yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal vaksen ki tou pre yo epi pran vaksen kont COVID-19 jodi a.

Pou aprann plis sou konkou foutbòl #VaxandWin Eta New York la, Nouyòkè ki enterese yo ka vizite sit la [isit la](#) e Nouyòkè elijib yo ka antre nan konkou a [sit la](#).

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an ny.gov/vaxtoschool oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)